



STATE OF NEW YORK | EXECUTIVE CHAMBER

ANDREW M. CUOMO | GOVERNOR

Pou Piblikasyon Imedya: 16 avril 2014

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE STATE POLICE AP OGMANTE REPRESYON KONT MOUN KAP FÈ EKSE VITÈS
AK AGRESIVITE SOU VOLAN**

Chofè ka pran pou \$1.000 amann ak 11 pwen pou vitès ak agresivite sou volan

Gouvènè a Bay Konsèy pou Evite Chofè Agresif

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodi a te anonse New York State Police pral mennen yon aktivite represyon pandan tout wikenn nan sou chofè kap fè eksè vitès ak agresivite nan tout eta a. Kanpay “Speed Week/Semèn Vitès” la pral fèt soti 17 avril rive 24 avril 2014. Kontravansyon pou eksè vitès ak agresivite sou volan ka rive prèske \$1.000 epi ajoute jiska 11 pwen sou lisans chofè.

“Twò souvan fanmi fòse andire doulè initil akòz moun kap kondi kou moun fou,” te deklare Gouvènè Cuomo. “Pandan Speed Week la, State Police pral mobilize deyò a atravè New York pou kwape chofè ki vyole lalwa, kote y ap menase lavi pa yo ak pa lòt moun. Semèn sa ak chak semèn, mwen mande prese prese pou tout chofè ralanti epi respekte regleman sikilasyon esansyèl pou lavi yo.”

Objektif kanpay sa, ak aplikasyon lalwa pandan tout ane a, se diminye aksidan ki fèt akòz eksè vitès, epi ogmante sekirite pou chofè ak pasaje kap vwayaje sou wout New York. Eksè vitès tout kategori veyikil ap fè, ak tou lòt enfraksyon sikilasyon, pral pini sevèman pandan tout wikenn lan anplis aplikasyon lalwa nòmal pandan tout ane a.

Eksè vitès rete youn nan prensipal kòz lanmò sou wout nou yo, sa ki reprezante anmwayèn yon tyè nan tout aksidan mòtèl chak ane. Twoupè pral siveye tou pasaje nan machin ki pa mete senti sekirite, chofè kap vyole lwa “Move Over Law” a ak chofè distrè oubyen ki pa gen tèt yo klè.

Pou kontinye mete plis sekirite sou wout New York, Bidjè Eta ane sa gen ladann lwa pou ogmante efò ki pou diminye kantite jèn chofè kap tèks pandan y ap kondi. Nouvo chofè ak jèn chofè yo ki te kondane paske yo tap voye mesaj tèks pandan yap kondwi pral gen lisans yo sispann pou 120 jou nan premye ofans lan, ak pou yon lane nan dezyèm ofans lan.

“Chofè ka evite lanmò ak blesi initil, y ap annik ralanti,” te deklare Sipèentandan New York State Police Joseph A. D’Amico. “Twoupè nou yo deyò sou wout New York pou fè travay pa yo pou retire danje nan lari a, piblik la ka fè pa li tou. Lè yo swiv limit vitès ki ekri nan pano yo epi siveye vitès yo, chofè pral

Haitian Creole

ogmante chans yo pou yo rive kote yo prale a anbyen.”

Chofè mèt tann pou yo wè plis twoupè sou prensipal otowout pandan deplwaman sa. Machin patwouy banalize pral mobilize deyò a tou.

Konpòtman vyolan sou volan Twoupè Eta pral siveye se:

- Eksè vitès
- Chanjman Liy souvan oubyen nan yon manyè danjere
- Pa fè siyal
- Talonaj dèyè machin
- Pa bay pasaj
- Pa respekte Kontwòl Sikilasyon
- Kondi anba enfliyans sibstans
- Itilizasyon telefòn selilè/aparèy elektwonik

Konsèy lè ou rankontre yon chofè agresif:

- Rete kam
- Rete lwen li
- Pa depase sòf si w oblije
- Chanje liy yon fwa si pa gen danje (pa janbe liy san gade)

NY State Police di genyen yon diferans ant kondi machin ak agresif ak sa yo rele “road rage/vyolans anraje sou wout.” Vyolans anraje sou wout, tankou itilizasyon machin nan kòm yon zam oubyen atak fizik sou yon chofè oubyen machin yo, se PA agresivite sou volan. Sa yo se deli kriminel, epi gen lwa ki la pou jere deli vyolan sa yo.

Pandan dènye kanpay la ki te fèt soti 10 out 2013 rive 17 out 2013 State Police te distribiye plis pase 9.600 kontravansyon pandan “Speed Week” la. Amann pou eksè vitès varye ant \$45 rive \$975 dola epi ant twa rive 11 pwen, depandan eksè vitès la.

###

Wa p jwenn lòt nouvèl nan sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

Haitian Creole